

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
Hosiya 1	Hosea 1
1:1 Shoko rajehovha rakasvika kuna Hosiya mwanakaomana waBheeri, namazuva aUziya naJotami naAhazi naHezekia, madzimambo aJudha, uye namazuva aJerobhoami mwanakomana waJoashi, mambo walsiraeri.	1:1 The word of the Lord that came unto Hosea, the son of Beeri, in the days of Uzziah, Jotham, Ahaz, and Hezekiah, kings of Judah, and in the days of Jeroboam the son of Joash, king of Israel.
1:2 Pakutanga kokutura kwaJehovah naHosiya, Jehovah akati kuna Hosiya, Enda undozvitorera mukadzi woufeve navana voufeve; nekuti nyika inofeve zvikuru, zvakasiyana naJehovah.	1:2 The beginning of the word of the Lord by Hosea. And the Lord said to Hosea, Go, take unto thee a wife of whoredoms and children of whoredoms: for the land hath committed great whoredom, departing from the Lord.
1:3 Naizvozvo akaenda akatora Gomeri mukunda waDibhiraimi, iye akanaka pamuviri akamuberekera mwanakomana.	1:3 So he went and took Gomer the daughter of Diblaim; which conceived, and bare him a son.
1:4 Jehovah akati kwaari, Mutumidze zita rintonzi Jezireeri, nekuti kwasara chinguva chiduku, ipapo ndichatsiva ropa reJezireeri paimba yaJehu, nokugumisa ushe bweimba yalsiraeri.	1:4 And the Lord said unto him, Call his name Jezreel; for yet a little while, and I will avenge the blood of Jezreel upon the house of Jehu, and will cause to cease the kingdom of the house of Israel.
1:5 Zvino nezuva iro ndichavhuna uta hwalsiraeri mumupata weJezireeri.	1:5 And it shall come to pass at that day, that I will break the bow of Israel, in the valley of Jezreel.
1:6 Akanakazve pamuviri, ndokubereka mwanasikana. Jehovah akati kwaari, Mutumidze iye zita rintonzi Roruhama; nekuti handichazonzwiri imba yaIlsiraeri nyasha nditongovakangamwira.	1:6 And she conceived again, and bare a daughter. And God said unto him, Call her name Loruhamah: for I will no more have mercy upon the house of Israel; but I will utterly take them away.
1:7 Asi ndichanzwira imba yaJudha nyasha, ndichavaponesa naJehovah Mwari wavo, handingavaponesi nouta, kana nomunondo, kana nokurwa, kana namabhiza, kana navatasvi vamabhiza.	1:7 But I will have mercy upon the house of Judah, and will save them by the Lord their God, and will not save them by bow, nor by sword, nor by battle, by horses, nor by horsemen.
1:8 Zvino akati arumura Roruhama, akanakazve pamuviri, akabereka mwanakomana.	1:8 Now when she had weaned Loruhamah, she conceived, and bare a son.
1:9 Jehovah akati, Mutumidze zita rintonzi Roami; nekuti imwi hamuzi vanhu vangu, neni handingavi Mwari wenyu.	1:9 Then said God, Call his name Loammi: for ye are not my people, and I will not be your God.
1:10 Kunyange zvakadaro kuwanda kwavana valsiraeri kuchaita sejеча regungwa, risingabviri kuyerwa kana kuverengwa; zvichaitika kuti paya pakanga panzi kwavari, Hamuzi vanhu vangu, ndipapo pazvichanzi kwavari, Muri vanakomana vaMwari mupenuyu.	1:10 Yet the number of the children of Israel shall be as the sand of the sea, which cannot be measured nor numbered; and it shall come to pass, that in the place where it was said unto them, Ye are not my people, there it shall be said unto them, Ye are the sons of the living God.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
1:11 Vana vaJudha navana valsiraeri vachaunganidzwa pamwechete, vachazvigadzira mukuru mumwe, ndokubva panyika nekuti zuva reJezireeri richava guru.	1:11 Then shall the children of Judah and the children of Israel be gathered together, and appoint themselves one head, and they shall come up out of the land: for great shall be the day of Jezreel.
Hosiya 2	Hosea 2
2:1 Itiyi kuna vanin'ina venyu, Ama; nokuhanzvadzi dzenyu, Ruhama.	2:1 Say ye unto your brethren, Ammi; and to your sisters, Ruhamah.
2:2 Kakavarai namai venyu, kakavarai; nekuti haazi mukadzi wangu, neni handizi murume wake; ngaabvise kufeva kwake pachiso chake, nokupata kwake pakati pamazamu ake;	2:2 Plead with your mother, plead: for she is not my wife, neither am I her husband: let her therefore put away her whoredoms out of her sight, and her adulteries from between her breasts;
2:3 kuti ndirege kumukumurira nguvo dzake dzose, ndimuite sezvaakanga akaita nezuva rokuzvarwa kwake, ndimuite serenje, ndimushandure ave nyika yakaoma, ndimuuraye nenyota.	2:3 Lest I strip her naked, and set her as in the day that she was born, and make her as a wilderness, and set her like a dry land, and slay her with thirst.
2:4 Zvirokwazvo handinganzwiri vana vake nyasha, zvavari vana voufeve;	2:4 And I will not have mercy upon her children; for they be the children of whoredoms.
2:5 nekuti mai vavo vakafeva; vakavabereka vakaita zvinonyadzisa, nekuti vakati, Ndichatevera vadikani vangu, vanondipa zvokudya zvangu nemvura yangu, namakushe angu neshinda yangu, namafuta angu nezvokumwa zvangu.	2:5 For their mother hath played the harlot: she that conceived them hath done shamefully: for she said, I will go after my lovers, that give me my bread and my water, my wool and my flax, mine oil and my drink.
2:6 Naizvozvo tarira, ndichasosera nzira yako nemhinzwa, ndichamuvakira rusvingo, kuti arege kuwana nzira dzake.	2:6 Therefore, behold, I will hedge up thy way with thorns, and make a wall, that she shall not find her paths.
2:7 Achatevera vadikani vake, asi haangavabati; achavatsvaka, asi haangawani; ipapo achat, Ndichadzokera kumurume wangu wokutanga, nekuti nenguva iyo ndaifara kupfuura zvino.	2:7 And she shall follow after her lovers, but she shall not overtake them; and she shall seek them, but shall not find them: then shall she say, I will go and return to my first husband; for then was it better with me than now.
2:8 nekuti akanga asingazivi kuti ndini ndaimupa zviyo, newaini namafuta, nokumuwanzira sirivha nendarama, zvavaibatira Bhaari nazvo.	2:8 For she did not know that I gave her corn, and wine, and oil, and multiplied her silver and gold, which they prepared for Baal.
2:9 Saka ndichamutorera zviyo zvangu nenguva yazvo, newaini yangu itsva nenhumbo yazvo, ndichabvisa makushe angu neshinda yangu zvaifanira kufukidza kushama kwake.	2:9 Therefore will I return, and take away my corn in the time thereof, and my wine in the season thereof, and will recover my wool and my flax given to cover her nakedness.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
2:10 Zvino ndichafukura kunyadzisa kwake pamberi pavadi kani vake, hakuna angamurwira paruoko rwango.	2:10 And now will I discover her lewdness in the sight of her lovers, and none shall deliver her out of mine hand.
2:11 Ndichagumisawo mufaro wake wose, nemitambo yake, nenguva dzake dzokugara komwedzi, namasabata ake, nevungano dzake dzose dzakatarwa.	2:11 I will also cause all her mirth to cease, her feast days, her new moons, and her sabbaths, and all her solemn feasts.
2:12 Ndichaparadza mizambiringa yake nemionde yake, yaaiti, Ndiwo mubayiro wangu wandakapiwa navadikani vangu; ndichazviita dondo, mhuka dzokusango dzichazvidya.	2:12 And I will destroy her vines and her fig trees, whereof she hath said, These are my rewards that my lovers have given me: and I will make them a forest, and the beasts of the field shall eat them.
2:13 Ndichamuranga nokuda kwamazuva avaBhaari, vaaipisira zvinonuhuhwira, azvichishonga nezvindori zvake zvenzeve nezvishongo zvake, akatevera vadikani vake, akandikangwamwa, ndizvo zvinotaura Jehovha.	2:13 And I will visit upon her the days of Baalim, wherein she burned incense to them, and she decked herself with her earrings and her jewels, and she went after her lovers, and forgat me, saith the Lord.
2:14 Saka tarirai, ndichamunyengera nokumuisa kurenje, ndichitaura zvinofadza mwoyo wake.	2:14 Therefore, behold, I will allure her, and bring her into the wilderness, and speak comfortably unto her.
2:15 Ndichamupa minda yake yemizambiringa zvichibva ipapo, nomupata waAkori uve mukova wetariro kwaari; achapindura aripo, sapamazuva ousikana hwake, uye sapazuva raakabuda panyika	2:15 And I will give her her vineyards from thence, and the valley of Achor for a door of hope: and she shall sing there, as in the days of her youth, and as in the day when she came up out of the land of Egypt.
2:16 Zvino nezuva iro, ndizvo zvinotaura Jehovha, achandiidza Ishi, haungazondiidzi Bhaari.	2:16 And it shall be at that day, saith the Lord, that thou shalt call me Ishi; and shalt call me no more Baali.
2:17 nekuti ndichabvisa mazita avaBhaari mumuromo make, havangazozikamwi namazita avo.	2:17 For I will take away the names of Baalim out of her mouth, and they shall no more be remembered by their name.
2:18 Nezuva iro ndichavaitira sungano nemhuka dzokusango, neshiri dzokudenga, nezvinokambaira zvapasi; ndichavhuna uta nomundo nehondo panyika, ndivavatise pasi vakachengetwa.	2:18 And in that day will I make a covenant for them with the beasts of the field and with the fowls of heaven, and with the creeping things of the ground: and I will break the bow and the sword and the battle out of the earth, and will make them to lie down safely.
2:19 Ndichakunyenga uve wangu nokusingaperi; zvirokwazvo ndichakunyenga uve wangu nokururama, nokururamisira, nounyoro, nenyasha.	2:19 And I will betroth thee unto me for ever; yea, I will betroth thee unto me in righteousness, and in judgment, and in lovingkindness, and in mercies.
2:20 Ndichakunyenga uve wangu nokutendeka; ipapo uchaziva Jehovha.	2:20 I will even betroth thee unto me in faithfulness: and thou shalt know the Lord.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
2:21 Zvino nezuba iro ndichapindura, ndizvo zvinotaura Jehovha ndichapindura denga rose, iro richapindura nyika;	2:21 And it shall come to pass in that day, I will hear, saith the Lord, I will hear the heavens, and they shall hear the earth;
2:22 nyika ichapindura zviyo, newaini, namafuta; izvo zvichapindura Jezireeri.	2:22 And the earth shall hear the corn, and the wine, and the oil; and they shall hear Jezreel.
2:23 Ndichazvisimira iye panyika; ndichamunzwira nyasha, iye akanga asina kunzwirwa nyasha; ndichati kuna ivo vakanga vasi vanhu vangu, Imi muri vanhu vangu, ivo vachati, Imi muri Mwari wedu.	2:23 And I will sow her unto me in the earth; and I will have mercy upon her that had not obtained mercy; and I will say to them which were not my people, Thou art my people; and they shall say, Thou art my God.
Hosiya 3	Hosea 3
3:1 Zvino Jehovha akati kwandiri, Chiendazve, undoda mukadzi anodikamwa nomurume wake, asi chiri chifeve, sezinoda Jehovha vana valsiraeri, kunyange vachitsaukira kuna vamwe vamwari, vachida mapundu amadzamb iringa.	3:1 Then said the Lord unto me, Go yet, love a woman beloved of her friend, yet an adulteress, according to the love of the Lord toward the children of Israel, who look to other gods, and love flagons of wine.
3:2 Naizvozvo ndakamutenga namasirivha ane gumi namashanu, nehomeri yebhari, nehomeri yebhari;	3:2 So I bought her to me for fifteen pieces of silver, and for an homer of barley, and an half homer of barley:
3:3 ndikati kwaari, Uchafanira kundimirira mazuva mazhinji; haufaniri kupata, haufaniri kuva mukadzi womumwe murume; nenivo ndichaita saizvozvo kwauri.	3:3 And I said unto her, Thou shalt abide for me many days; thou shalt not play the harlot, and thou shalt not be for another man: so will I also be for thee.
3:4 nekuti vana valsiraeri vachagara mazuva mazhinji vasina mambo, vasina muchinda, vasina zvibairo vasina shongwe vasina efodhi kana terafimi.	3:4 For the children of Israel shall abide many days without a king, and without a prince, and without a sacrifice, and without an image, and without an ephod, and without teraphim:
3:5 Pashure vana valsiraeri vachatzoka vachitsvaka Jehovha Mwari wavo naDhavhidhi mambo wavo; vachauya kuna Jehovha vachitya, nokuunyoro hwake namazuva okupedzisira.	3:5 Afterward shall the children of Israel return, and seek the Lord their God, and David their king; and shall fear the Lord and his goodness in the latter days.
Hosiya 4	Hosea 4
4:1 Inzwai shoko rajehovha, Imi vana valsiraeri, nekuti Jehovha ane gakava navanhu vagere munyika ino, nekuti hakune zvokwadi, kana unyoro, kana kuziva Mwari munyika ino.	4:1 Hear the word of the Lord, ye children of Israel: for the Lord hath a controversy with the inhabitants of the land, because there is no truth, nor mercy, nor knowledge of God in the land.
4:2 Hakune zvimwe asi kupika, nokunyengera, nokuuraya, nokuba, nokuita upombwe; vanopaza dzimba, kuteura ropa kunoramba kuchitevera kuteura ropa.	4:2 By swearing, and lying, and killing, and stealing, and committing adultery, they break out, and blood toucheth blood.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
4:3 Saka nyika ichachema, mumwe nomumwe ageremo achapera simba, pamwechete nemhuka dzesango neshiri dzokudenga; naidzo hove dzegungwa dzichabviswa.	4:3 Therefore shall the land mourn, and every one that dwelleth therein shall languish, with the beasts of the field, and with the fowls of heaven; yea, the fishes of the sea also shall be taken away.
4:4 Ngakurege kuva nomunhu anokakavara kana munhu anotuka; nekuti vanhu vako vakaita savanokakavara nomupristi.	4:4 Yet let no man strive, nor reprove another: for thy people are as they that strive with the priest.
4:5 Iwe uchagumburwa masikati, nomuporofita achagumburwawo pamwechete newe usiku; ndichaparadza mai vako.	4:5 Therefore shalt thou fall in the day, and the prophet also shall fall with thee in the night, and I will destroy thy mother.
4:6 Vanhu vangu vaparadzwa nokushaiwa zivo; zvawaramba zivo, neni ndichakurambawo, kuti urege kuva mupristi wangu; zvawakangamwa murayiro waMwari wako, neniwo ndichakangamwa vana vako.	4:6 My people are destroyed for lack of knowledge: because thou hast rejected knowledge, I will also reject thee, that thou shalt be no priest to me: seeing thou hast forgotten the law of thy God, I will also forget thy children.
4:7 Vakati vachiwanda, kunditadzira kwavo kukawandawo, ndichashandura kukudzwa kwavo ndikuite kunyadziswa.	4:7 As they were increased, so they sinned against me: therefore will I change their glory into shame.
4:8 Vakaguta nezvinobva pazvivi zvavanhu vangu, vanopanga nemwoyo yavo zvakaipa zvavo.	4:8 They eat up the sin of my people, and they set their heart on their iniquity.
4:9 Saka zvakaita vanhu, ndizvo zvichaita mupristiwo; ndichavarova pamusoro penzira dzavo, ndichavaripidzira zvavanobata.	4:9 And there shall be, like people, like priest: and I will punish them for their ways, and reward them their doings.
4:10 Vachadya, asi havangaguti; vachapata, asi havangawandi, nekuti vakarega kuva nehanya naJehovha.	4:10 For they shall eat, and not have enough: they shall commit whoredom, and shall not increase: because they have left off to take heed to the Lord.
4:11 Kufeva newaini newaini, itsva, zvinobvisa njere.	4:11 Whoredom and wine and new wine take away the heart.
4:12 Vanhu vangu vanobvunza mano padanda ravo, vanoziviswa netsvimbo yavo; nekuti mweya wokufeva wakavatadzisa, vakapata, ndokurasa Mwari wavo.	4:12 My people ask counsel at their stocks, and their staff declareth unto them: for the spirit of whoredoms hath caused them to err, and they have gone a whoring from under their God.
4:13 Vanobayira pamusoro pamakomo, vanopisira zvinonhuwira pazvikomo, napasi pemioki, nemipopirari, nemiterebhini, nekuti mimvuri yayo yakanaka, naizvozvo vakunda venyu vanopata, mwenga yenu inofeva.	4:13 They sacrifice upon the tops of the mountains, and burn incense upon the hills, under oaks and poplars and elms, because the shadow thereof is good: therefore your daughters shall commit whoredom, and your spouses shall commit adultery.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
4:14 Handingarovi vakunda venyu kana vachipata, nemwenga yenyu kana ichifeva; nekuti varume vanoenda vari voga nezvifeve, vanobayira navakadzi vanofeva; vanhu vasinganzwisisi vachaparadzwa.	4:14 I will not punish your daughters when they commit whoredom, nor your spouses when they commit adultery: for themselves are separated with whores, and they sacrifice with harlots: therefore the people that doth not understand shall fall.
4:15 Kunyange imi, Isiraeri, muchipata, Judha ngavarege kupara mhaka; musasvika Girigari, musakwira Bhetiavheni, uye musapika, muchiti, NaJehovha mupenyu!	4:15 Though thou, Israel, play the harlot, yet let not Judah offend; and come not ye unto Gilgal, neither go ye up to Bethaven, nor swear, The Lord liveth.
4:16 nekuti Isiraeri vanakomana, setsiru rinokoma; zvino Jehovah achavafudza segwayana panzvimbo mhamhi.	4:16 For Israel slideth back as a backsliding heifer: now the Lord will feed them as a lamb in a large place.
4:17 Efuremu anonamatirana nezvifananidzo, muregei.	4:17 Ephraim is joined to idols: let him alone.
4:18 Zvavanomwa zvinovava; vanoramba vachipata; vabati vavo vanofarira zvikuru zvinonyadzisa.	4:18 Their drink is sour: they have committed whoredom continually: her rulers with shame do love, Give ye.
4:19 Mhepo yakavaputira namapapiro ayo; vachanyadzisa nokuda kwezvibayiro zvavo.	4:19 The wind hath bound her up in her wings, and they shall be ashamed because of their sacrifices.
Hosiya 5	Hosea 5
5:1 Inzwai shoko iri, imwi vapristi, teerera i imwi imba yalsiraeri, rerekerai nzeve dzenyu, imwi imba yamambo; nekuti ndimi munotongwa; nekuti makanga muri musungo paMizipa, nomumbure wakadzikwa paRabgori.	5:1 Hear ye this, O priests; and hearken, ye house of Israel; and give ye ear, O house of the king; for judgment is toward you, because ye have been a snare on Mizpah, and a net spread upon Tabor.
5:2 Vakandimukira vakapinda kwazvo pakuora, asi ndichavatuka vose.	5:2 And the revolters are profound to make slaughter, though I have been a rebuker of them all.
5:3 Ndinoziva Efuremu, Isiraeri havana kuvanzika pamberi pangu; nekuti zvino iwe Efuremu, wakapata, Isiraeri vakasvibiswa.	5:3 I know Ephraim, and Israel is not hid from me: for now, O Ephraim, thou committest whoredom, and Israel is defiled.
5:4 Zvakaita hazvivatenderi kudzokera kuna Mwari wavo; nekuti mweya wokufeva uri mukati mavo, havazivi Jehovha.	5:4 They will not frame their doings to turn unto their God: for the spirit of whoredoms is in the midst of them, and they have not known the Lord.
5:5 Kuzvikudza kwalIsiraeri kunovapupurira pachena; saka Isiraeri naEfuremu vachagumburwa pazvakaipa zvavo, Judha vachagumburwawo pamwechete navo.	5:5 And the pride of Israel doth testify to his face: therefore shall Israel and Ephraim fall in their iniquity: Judah also shall fall with them.
5:6 Vachaenda namakwai avo nemombe dzavo kundotsvaka Jehovha, asi havangamuwani; akaenda kure navo.	5:6 They shall go with their flocks and with their herds to seek the Lord; but they shall not find him; he hath withdrawn himself from them.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
5:7 Vakanyengera Jehovha, nekuti vakabereka vana vasati vari vavo; zvino mutambo wokugara komwedzi uchavapedza pamwechete neminda yavo.	5:7 They have dealt treacherously against the Lord: for they have begotten strange children: now shall a month devour them with their portions.
5:8 Ridzai mumanzi paGibhiyon, nehwamanda paRama; ridzai mhore paBhetiavheni; vari shure kwako, iwe Bhenjamini!	5:8 Blow ye the cornet in Gibeah, and the trumpet in Ramah: cry aloud at Bethaven, after thee, O Benjamin.
5:9 Nyika yaEfuremu ichaitwa matongo nezuva rokutukwa; ndakazivisa pakati palsiraeri zvichazovapo zvirokawazvo.	5:9 Ephraim shall be desolate in the day of rebuke: among the tribes of Israel have I made known that which shall surely be.
5:10 Machinda aJudha akafanana navanobvisa chiratidzo chemiganho; ndichadurura kutsamwa kwangu pamusoro pawo semvura.	5:10 The princes of Judah were like them that remove the bound: therefore I will pour out my wrath upon them like water.
5:11 Efuremu wakamanikidzwa wakapwanyiwa nokutongwa, nekuti akanga achitenda kutevera murayiro wavanhu.	5:11 Ephraim is oppressed and broken in judgment, because he willingly walked after the commandment.
5:12 Naizvozvo ndichava kuna Efuremu sechipfunho, uye sokuora kuimba yaJudha.	5:12 Therefore will I be unto Ephraim as a moth, and to the house of Judah as rottenness.
5:13 Efuremu akati achiona kurwara kwake, naJudha vanga rake, Efuremu akaenda Asiria, akatuma nhume kuna mambo Jarebhi; asi iye haagoni kukuporesai, kana kuporesa vanga renyu.	5:13 When Ephraim saw his sickness, and Judah saw his wound, then went Ephraim to the Assyrian, and sent to king Jareb: yet could he not heal you, nor cure you of your wound.
5:14 nekuti ndichava seshumba kuna Efuremu, uye seshumba duku kuimba yaJudha; ini, iyeni, ndichabvambura ndokuenda; ndichavatapa, hakuna angavarwira.	5:14 For I will be unto Ephraim as a lion, and as a young lion to the house of Judah: I, even I, will tear and go away; I will take away, and none shall rescue him.
5:15 Ndichaenda ndichidzokera kunzimbo yangu, kusvikira vatenda kutadza kwavo, vakatsvaka chiso changu; pakutambudzika kwavo vachanditsvaka nomwoyo wose.	5:15 I will go and return to my place, till they acknowledge their offence, and seek my face: in their affliction they will seek me early.
Hosiya 6	Hosea 6
6:1 Uyai, tidzokera kuna Jehovha; nekuti akabvambura, asi achatipodzazve, akarova, asi achatisungazve patakakuvara.	6:1 Come, and let us return unto the Lord: for he hath torn, and he will heal us; he hath smitten, and he will bind us up.
6:2 Kana mazuva maviri apera achatiraramisa, nezuva rechitatu achatimutsazve, tirarame pamberi pake.	6:2 After two days will he revive us: in the third day he will raise us up, and we shall live in his sight.
6:3 Ngatimuzive, ngatishingaire kuziva Jehovha; kubuda kwake kwakatemwa sokwamangwanani; achauya kwatiri semvura, semvura yokuteverera inodiridza nyika.	6:3 Then shall we know, if we follow on to know the Lord: his going forth is prepared as the morning; and he shall come unto us as the rain, as the latter and former rain unto the earth.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
6:4 Aiwa, Efuremu, ndichakuitei? Aiwa, Judha ndichakuitei? nekuti kunaka kwenyu kwakaita semhute yamangwanani, uye sedova rinokurumidza kuenda.	6:4 O Ephraim, what shall I do unto thee? O Judah, what shall I do unto thee? for your goodness is as a morning cloud, and as the early dew it goeth away.
6:5 Naizvozvo ndakavatema navaporofita; ndakavauraya namashoko omuromo wangu, zvandakatonga zvakaita sechiedza chinobuda.	6:5 Therefore have I hewed them by the prophets; I have slain them by the words of my mouth: and thy judgments are as the light that goeth forth.
6:6 nekuti ndinoda rudo, handidi zvibayiro, uye kuziva Mwari kupfuura zvipiriso zvinopiswa.	6:6 For I desired mercy, and not sacrifice; and the knowledge of God more than burnt offerings.
6:7 Asi vakadarika sungano saAdhamu, ndipapo pavakandinyengera.	6:7 But they like men have transgressed the covenant: there have they dealt treacherously against me.
6:8 Giriyadhi iguta ravanoita zvakaipa, rinamakwapa eropa.	6:8 Gilead is a city of them that work iniquity, and is polluted with blood.
6:9 Sezvakaita makororo anovandira munhu, saizvozvo boka ravapristi rinouraya panzira inoenda Shekemi; zvirokwazvo, vakaita zvinonyadzisa.	6:9 And as troops of robbers wait for a man, so the company of priests murder in the way by consent: for they commit lewdness.
6:10 Paimba yalsiraeri ndakaona chinhu chinonyangadza kwazvo, pakati paEfuremu panovufeve, Isiraeri vakasvibiswa.	6:10 I have seen an horrible thing in the house of Israel: there is the whoredom of Ephraim, Israel is defiled.
6:11 Newevo, Judha, wakagadzirirwa kukohwa, nenguva yandinodzosa kutapwa kwavanhu vangu.	6:11 Also, O Judah, he hath set an harvest for thee, when I returned the captivity of my people.
Hosiya 7	Hosea 7
7:1 Kana ndichirapa Isiraeri, kuipa kwaEfuremu koonekwa nezvakashata zveSamaria; nekuti vanonyengera, mbavha inopinda mukati uye boka ramakororo rinoparadza kunze.	7:1 When I would have healed Israel, then the iniquity of Ephraim was discovered, and the wickedness of Samaria: for they commit falsehood; and the thief cometh in, and the troop of robbers spoileth without.
7:2 Asi havafungi mumwoyo yavo kuti ndinorangarira zvakaipa zvavo zvose; zvino zvavakaita zvinovakomberedza, zviri pamberi pangu.	7:2 And they consider not in their hearts that I remember all their wickedness: now their own doings have beset them about; they are before my face.
7:3 Vanofadza mambo nezvakashata zvavo, namachinda nenhema dzavo.	7:3 They make the king glad with their wickedness, and the princes with their lies.
7:4 Vose imhombwe; vakafanana nechoto chakaveserwa nomubiki wechingwa; unorega kukuchidzira moto, kana akanya bundu rechingwa, kusvikira ravira.	7:4 They are all adulterers, as an oven heated by the baker, who ceaseth from raising after he hath kneaded the dough, until it be leavened.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
7:5 Nezuba ramambo wedu machinda akarwariswa nokupisa kwewaini; iye akatambanudza ruoko rwake pamwechete navaseki.	7:5 In the day of our king the princes have made him sick with bottles of wine; he stretched out his hand with scorers.
7:6 nekuti vakagadzira mwoyo yavo sechoto, vachivandira; mubiki wavo wechingwa unovata husiku hwose, mangwanani chinopfuta somurazvo womoto.	7:6 For they have made ready their heart like an oven, whiles they lie in wait: their baker sleepeth all the night; in the morning it burneth as a flaming fire.
7:7 Vanopisa vose sechoto, vanoparadza vatongi vavo; madzimambo avo ose akawira pasi, hakuna nomumwe pakati pavo anodana kwandiri.	7:7 They are all hot as an oven, and have devoured their judges; all their kings are fallen: there is none among them that calleth unto me.
7:8 Efuremu ndiye anozvivenganisa namamwe marudzi, Efuremu chingwa chisina kushandurwa.	7:8 Ephraim, he hath mixed himself among the people; Ephraim is a cake not turned.
7:9 Vatorwa vakapedza simba rake, asi iye haazvizivi; zvirokwazvo vhudzi rake rochenas pose-pose, asi iye haazvizivi.	7:9 Strangers have devoured his strength, and he knoweth it not: yea, gray hairs are here and there upon him, yet he knoweth not.
7:10 Kuzvikudza kwaIsiraeri kunopupura pamberi pake, asi havana kudzokera kuna Jehovha Mwari wavo, kana kumutsvaka, kunyange izvi zvose zvakadaro.	7:10 And the pride of Israel testifieth to his face: and they do not return to the Lord their God, nor seek him for all this.
7:11 Efuremu akaita senjiva isina mano, isina njere; vanodana Egipita, vanoenda Asiria.	7:11 Ephraim also is like a silly dove without heart: they call to Egypt, they go to Assyria.
7:12 Kana vachienda, ndichakandira mumbure wangu pamusoro pavo, ndichavakwevera pasi seshiri dzokudenga; ndichavaranga sezvavakaudzwa paungano yavo.	7:12 When they shall go, I will spread my net upon them; I will bring them down as the fowls of the heaven; I will chastise them, as their congregation hath heard.
7:13 Vane nhamo ivo nekuti vakatsauka kwandiri; ngavaparadzwe, nekuti vakandidarikira; kunyange ndakanga ndichida kuvadzikunura, vakandirevera nhema.	7:13 Woe unto them! for they have fled from me: destruction unto them! because they have transgressed against me: though I have redeemed them, yet they have spoken lies against me.
7:14 Havana kudana kwandiri nemwoyo yavo, asi vanoungudza panhovo dzavo; vanounganira zviyo newaini itsva, vanondimukira.	7:14 And they have not cried unto me with their heart, when they howled upon their beds: they assemble themselves for corn and wine, and they rebel against me.
7:15 Kunyange ndakavadzidzisa nokusimbisa maoko avo, kunyange zvakadaro vanofunga kundiitira zvakaipa	7:15 Though I have bound and strengthened their arms, yet do they imagine mischief against me.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
7:16 Vanodzoka asi havangadzokeri kune Wekumusoro-soro; vakafanana neuta hunonyengera; machinda avo achaparadzwa nomunondo nokuda kwehasha dzamarimi avo; ndiko kuchava kusekwa kwavo panyika yeEgipita.	7:16 They return, but not to the most High: they are like a deceitful bow: their princes shall fall by the sword for the rage of their tongue: this shall be their derision in the land of Egypt.
Hosiya 8	Hosea 8
8:1 Isa hwamanda pamuromo wako. Zvinouya segondo kuzorwa neimba yaJehovha, nekuti vakadarika sungano yangu nokutadzira murayiro wangu.	8:1 Set the trumpet to thy mouth. He shall come as an eagle against the house of the Lord, because they have transgressed my covenant, and trespassed against my law.
8:2 Vachadana kwandiri, vachiti, Mwari wangu, isu valsiraeri tinokuzivai.	8:2 Israel shall cry unto me, My God, we know thee.
8:3 Isiraeri vakarasha zvakanaka; muvengi wavo achavateverera.	8:3 Israel hath cast off the thing that is good: the enemy shall pursue him.
8:4 Vakagadza madzimambo, asi havana kurairwa neni; vakazvitsaurira machinda, ini ndisingazvizivi; vakazviitira zvifananidzo nesirivha uye nendarama yavo, kuti zviparatzwe.	8:4 They have set up kings, but not by me: they have made princes, and I knew it not: of their silver and their gold have they made them idols, that they may be cut off.
8:5 Mhuru yako, iwe Samaria, inonyangadza; kutsamwa kwangu kwakavamukira; kusvikira riniko pavachazokwanisa kusununguka pakurangwa?	8:5 Thy calf, O Samaria, hath cast thee off; mine anger is kindled against them: how long will it be ere they attain to innocency?
8:6 nekuti chinhu ichi chakabvawo kuvalIsiraeri; mupfuri wakachiita, hachizi Mwari; zvirokwazvo, mhuri yeSamaria ichaputswa-putswa.	8:6 For from Israel was it also: the workman made it; therefore it is not God: but the calf of Samaria shall be broken in pieces.
8:7 nekuti vanodzvara mhepo, vachacheka chamupupuri, havane zviyo pamunda; chipande hachingavigiri hupfu; kunyange chikabereka, zvichamedzwa navatorwa.	8:7 For they have sown the wind, and they shall reap the whirlwind: it hath no stalk; the bud shall yield no meal: if so be it yield, the strangers shall swallow it up.
8:8 Isiraeri vakamedzwa; zvino vava pakati pamarudzi somudziyo usingadikamwi nomunhu.	8:8 Israel is swallowed up: now shall they be among the Gentiles as a vessel wherein is no pleasure.
8:9 nekuti vakaenda Asiria, sembizi inongozvifambira iri yoga; vaEfuremu vakazvitsvakira shamwari vachidziripira.	8:9 For they are gone up to Assyria, a wild ass alone by himself: Ephraim hath hired lovers.
8:10 Zvirokwazvo, kunyange vachizvitsvakira idzo pakati pamarudzi, ndichavaunganidza zvino, votanga kutapudzwa nemhaka yokuremedzwa namambo wamachinda.	8:10 Yea, though they have hired among the nations, now will I gather them, and they shall sorrow a little for the burden of the king of princes.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
8:11 Efuremu zvaakawanza maaritari okutadza nawo, maaritari ake akamutadzisa.	8:11 Because Ephraim hath made many altars to sin, altars shall be unto him to sin.
8:12 Ndakamunyorerera mashoko ane zviuru zvine gumi omurayiro wangu, asi vanoti ndezvavatorwa.	8:12 I have written to him the great things of my law, but they were counted as a strange thing.
8:13 Kana zviri zvibayiro zvezvipiriso zvangu, vanobayira nyama ndokuidya; asi Jehovha haana kuzvigamuchira; zvino ucharangarira zvakaipa zvavo, nokuvarova pamusoro pezvivi zvavo; vachadzokera Egipita.	8:13 They sacrifice flesh for the sacrifices of mine offerings, and eat it; but the Lord accepteth them not; now will he remember their iniquity, and visit their sins: they shall return to Egypt.
8:14 nekuti Isiraeri vakakangamwa Muiti wavo, vakavaka dzimba dzoushe; Judha vakawanza maguta akakomberedzwa namasvingo; asi ini ndichatuma moto kumaguta avo, uchapedza dzimba dzoushe dzawo.	8:14 For Israel hath forgotten his Maker, and buildeth temples; and Judah hath multiplied fenced cities: but I will send a fire upon his cities, and it shall devour the palaces thereof.
Hosiya 9	Hosea 9
9:1 Regai kufara, imwi Isiraeri, muchifarisia samarudzi avanhu; nekuti makapata, muchisiya Mwari wenu; makada mubayiro wokufeva pamapuriro ose ezviyo.	9:1 Rejoice not, O Israel, for joy, as other people: for thou hast gone a whoring from thy God, thou hast loved a reward upon every cornfloor.
9:2 Buriro nechisviniro chewaini hazvingavagutsi, waini ichavanyengera.	9:2 The floor and the winepress shall not feed them, and the new wine shall fail in her.
9:3 Havangagari munyika yaJehovah; asi Efuremu achadzokera Egipita, vachadya zvokudya zvine tsvina paAsiria.	9:3 They shall not dwell in the Lord's land; but Ephraim shall return to Egypt, and they shall eat unclean things in Assyria.
9:4 Havangadiriri Jehovah waini, zvibayiro zvavo hazvingamufadzi; zvibayiro zvavo zvichaita kwavari sezvokudya zvavanochema; vose, vanozvidya, vachasvibiswa, nekuti zvokudya zvavo ndezvavo zvoga, hazvingasviki muimba yaJehovah.	9:4 They shall not offer wine offerings to the Lord, neither shall they be pleasing unto him: their sacrifices shall be unto them as the bread of mourners; all that eat thereof shall be polluted: for their bread for their soul shall not come into the house of the Lord.
9:5 Muchabateiko nezuva reungano dzakatarwa, nezuva remitambo yaJehovah?	9:5 What will ye do in the solemn day, and in the day of the feast of the Lord?
9:6 nekuti tarirai, vakabva nokuda kokuparadzwa, asi vaEgipita vachavaunganidza, veMemifisi vachavaviga; rukato ruchavatorera zvinhu zvavo zvesirivha zvinofadza; mhinzwa ichava mumatende avo.	9:6 For, lo, they are gone because of destruction: Egypt shall gather them up, Memphis shall bury them: the pleasant places for their silver, nettles shall possess them: thorns shall be in their tabernacles.
9:7 Mazuva okurohwa asvika, mazuva okutsiva asvika; Isiraeri vachazviziva; muporofita ibenzi, munhu anomweya anopenga, nemhaka yokuwanda kwezvakaipa zvenyu, uye nekuti ruvengo rukuru.	9:7 The days of visitation are come, the days of recompence are come; Israel shall know it: the prophet is a fool, the spiritual man is mad, for the multitude of thine iniquity, and the great hatred.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
9:8 Efuremu mushori kuna Mwari wangu; kana ari muporofita, rugombe rwomuteyi weshiri ruri munzira dzake dzose, noruvengo muimba yaMwari wake.	9:8 The watchman of Ephraim was with my God: but the prophet is a snare of a fowler in all his ways, and hatred in the house of his God.
9:9 Vakazvishatisa zvikuru kwazvo, sapamazuva eGibhiya; acharangarira zvakaipa zvavo, achavarova pamusoro pezvivi zvavo.	9:9 They have deeply corrupted themselves, as in the days of Gibeah: therefore he will remember their iniquity, he will visit their sins.
9:10 Ndakawana Isiraeri vakaita samazambiringa murenje; ndakaona madzibaba enyu vakaita sezvibereko zvakatanga kuibva pamuonde panguva yawo yokubereka yokutanga; asi vakasvika paBhaaripeori, vakazviisa kune zvinonyadzisa, vakaita zvinonyangadza vachifanana nezvaidikamwa navo.	9:10 I found Israel like grapes in the wilderness; I saw your fathers as the firstripe in the fig tree at her first time: but they went to Baalpeor, and separated themselves unto that shame; and their abominations were according as they loved.
9:11 Kana vari VaEfuremu, kukudzwa kwavo kuchabhuruka seshiri; kubereka hakungavipo, kana kukurirwa, kana kunaka pamuviri.	9:11 As for Ephraim, their glory shall fly away like a bird, from the birth, and from the womb, and from the conception.
9:12 Kunyange vakarera vana vavo, ndichavatorera ivo, kusvikira kusisina munhu; zvirokwazvo, vachava nenhamowo, kana ini ndavasiya.	9:12 Though they bring up their children, yet will I bereave them, that there shall not be a man left: yea, woe also to them when I depart from them!
9:13 Sezvandakatsaura Tire, Efuremu vakasimwa pakanaka; asi Efuremu vachabudisira muurayi vana vavo.	9:13 Ephraim, as I saw Tyrus, is planted in a pleasant place: but Ephraim shall bring forth his children to the murderer.
9:14 Chivapai, Jehovha muchavapeiko? Chivapai zvizvaro zvinoshaya namazamu asina mukaka.	9:14 Give them, O Lord: what wilt thou give? give them a miscarrying womb and dry breasts.
9:15 Zvakaipa zvavo zvose zviri paGirigari, nekuti ndipo pandakavavenga; nemhaka yezvakaipa zvavanoita ndichavadzinga paimba yangu, handichavadi; machinda avo ose akandimukira.	9:15 All their wickedness is in Gilgal: for there I hated them: for the wickedness of their doings I will drive them out of mine house, I will love them no more: all their princes are revolters.
9:16 Efuremu varohwa, mudzi wavo waoma, havangazobereki zvibereko; zvirokwazvo, kunyange vakabereka, ndichavaauraya vadikamwa vakaberekwa nezvizvaro zvavo.	9:16 Ephraim is smitten, their root is dried up, they shall bear no fruit: yea, though they bring forth, yet will I slay even the beloved fruit of their womb.
9:17 Mwari wangu achavarasha, nekuti havana kumunzwa; vachava vadzungairi pakati pamarudzi avanhu.	9:17 My God will cast them away, because they did not hearken unto him: and they shall be wanderers among the nations.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
Hosiya 10	Hosea 10
10:1 Valsiraeri muzambiringa unotanda zvakanaka, unobereka zvibereko zvawo; zvibereko zvavo zvakati zvichiwanda, vakawanzawo maaritari avo; nyika yavo yakati ichifara, ivo vakazviitirawo shongwe dzakanaka.	10:1 Israel is an empty vine, he bringeth forth fruit unto himself: according to the multitude of his fruit he hath increased the altars; according to the goodness of his land they have made goodly images.
10:2 Mwoyo yavo inonyengera, zvino vachapiwa mhaka; acharova maaritari avo, achaparadza shongwe dzavo.	10:2 Their heart is divided; now shall they be found faulty: he shall break down their altars, he shall spoil their images.
10:3 Zvirokwazvo, zvino vachati, Hatina mambo, nekuti hatityi Jehovha; kana ari mambo angatiitireiko?	10:3 For now they shall say, We have no king, because we feared not the Lord; what then should a king do to us?
10:4 Vanotaura mashoko asina maturo, vanopika nhema pakuita kwavo sungano; naizvozvo kutongwa kwavo kunomera somuti unouraya mumihoronga yomunda.	10:4 They have spoken words, swearing falsely in making a covenant: thus judgment springeth up as hemlock in the furrows of the field.
10:5 Vagere Samaria vachatya mhuru dzeBhetiavheni; nekuti vanhu varo vachaichema, navapristi varo vaiifarira, nokuda kokukudzwa kwayo, nekuti kwabva kwairi.	10:5 The inhabitants of Samaria shall fear because of the calves of Bethaven: for the people thereof shall mourn over it, and the priests thereof that rejoiced on it, for the glory thereof, because it is departed from it.
10:6 Ichaiswawo Asiria, chive chipo chamambo Jarebhi; Efuremu vachanyadzisa, Isiraeri vachanyadzisa namano avo.	10:6 It shall be also carried unto Assyria for a present to king Jareb: Ephraim shall receive shame, and Israel shall be ashamed of his own counsel.
10:7 Kana riri Samaria, mambo waro waparadzwa sechipande pamusoro pemvura.	10:7 As for Samaria, her king is cut off as the foam upon the water.
10:8 Nzvimbo dzakakwirira dzeAvheniwo, izvo zvivi zvalsiraeri, dzichaparadzwa; munzwala norukato zvichamera pamaaritari avo; zvino vachati kumakomo, Tifukidzei, nokuzvikomo, Wirai pamusoro pedu.	10:8 The high places also of Aven, the sin of Israel, shall be destroyed: the thorn and the thistle shall come up on their altars; and they shall say to the mountains, Cover us; and to the hills, Fall on us.
10:9 Aiwa, Isiraeri, makatadza kubva pamazuva eGibhiya; ndipo pavakamira; ko vachakundwa nehondo inorwa navana vezvakaipa paGibhiya here?	10:9 O Israel, thou hast sinned from the days of Gibeah: there they stood: the battle in Gibeah against the children of iniquity did not overtake them.
10:10 Nguva yandinoda ndichavaranga; marudzi avanhu achavaunganira kana vakasungirwa pazvisakarurama zvavo zviviri.	10:10 It is in my desire that I should chastise them; and the people shall be gathered against them, when they shall bind themselves in their two furrows.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
10:11 Efuremu itsiru rakapingudzwa, rino farira kupura zviyo; asi ini ndimene ndasvika pamutsipa waro wakanaka, ndaisa mutasvi pamusoro paEfuremu; Judha vacharima, Jakove achaputsa mavhinga ake.	10:11 And Ephraim is as an heifer that is taught, and loveth to tread out the corn; but I passed over upon her fair neck: I will make Ephraim to ride; Judah shall plow, and Jacob shall break his clods.
10:12 Zvidzvarirei mukururama, mugocheka zvorudo; undai makombo enyu, nekuti inguva yokutsvaka Jehovha, kusvikira achiuya achikunisirai zvakarurama.	10:12 Sow to yourselves in righteousness, reap in mercy; break up your fallow ground: for it is time to seek the Lord, till he come and rain righteousness upon you.
10:13 Makarima zvakashata, makacheka zvakaipa, makadya zvibereko zvenhema, nekuti makanga muchivimba nenzira yenyu, uye nokuwanda kwemhare dzenyu.	10:13 Ye have plowed wickedness, ye have reaped iniquity; ye have eaten the fruit of lies: because thou didst trust in thy way, in the multitude of thy mighty men.
10:14 Naizvozvo bope richamuka pakati pavanhu venyu, nhare dzenyu dzose dzichaparadzwa, Sharimani sezvaakaparadza Bhetiaribheri nezuva rokurwa, mai vakaputsanyiwa pamwechete navana vavo.	10:14 Therefore shall a tumult arise among thy people, and all thy fortresses shall be spoiled, as Shalman spoiled Betharbel in the day of battle: the mother was dashed in pieces upon her children.
10:15 Ndizvo zvamuchaitirwa neBhetieri nemhaka yokushata kwenyu kukuru; mambo walsiraeri achaparadzwa chose mambakwedza.	10:15 So shall Bethel do unto you because of your great wickedness: in a morning shall the king of Israel utterly be cut off.
Hosiya 11	Hosea 11
11:1 Isiraeri achiri mwana muduku, ndaimuda, ndikadana mwanakomana wangu abve Egipita.	11:1 When Israel was a child, then I loved him, and called my son out of Egypt.
11:2 Vaporofita vachinyanya kuvadana,, ivo vakanyanya kuvatiza; vakabayira vaBhaari, nokupisira zvifananidzo zvakavezwa zvinonuhuhwira.	11:2 As they called them, so they went from them: they sacrificed unto Baalim, and burned incense to graven images.
11:3 Kunyange zvakadaro ini ndakadzidzisa Efuremu kufamba; ndakavatakura mumaoko angu, asi havana kuziva kuti ndini ndakavaporesa.	11:3 I taught Ephraim also to go, taking them by their arms; but they knew not that I healed them.
11:4 Ndakavakakata namabote omunhu, nezvisungo zvorudo; ndakava kwavari somunhu anobvisa joko pashaya dzavo, ndikagadza zvokudya pamberi pavo.	11:4 I drew them with cords of a man, with bands of love: and I was to them as they that take off the yoke on their jaws, and I laid meat unto them.
11:5 Havangadzokeri kunyika yeEgipita, asi muAsiria ndiyе achava mambo wavo, nekuti vakaramba kudzokera kwandiri.	11:5 He shall not return into the land of Egypt, and the Assyrian shall be his king, because they refused to return.
11:6 Munondo uchava nehasha pakati pemaguta avo, uchapedza zvipfigiso zvavo nokuzviparadza, nemhaka yamano avo.	11:6 And the sword shall abide on his cities, and shall consume his branches, and devour them, because of their own counsels.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
11:7 Vanhu vangu vanoramba vachida kudzokera shure vachindisiya; kunyange vachidamwa kune Wekumusoro-soro, havatongosimuki.	11:7 And my people are bent to backsliding from me: though they called them to the most High, none at all would exalt him.
11:8 Ndingakuregedza seiko, iwe Isiraeri? Ndingakuita seiko seAdhima? Ndingakuenzanisa seiko neZebhoimi? Mwoyo wangu washandukurwa mukati mangu, tsitsi dzangu dzamutswa pamwechete.	11:8 How shall I give thee up, Ephraim? how shall I deliver thee, Israel? how shall I make thee as Admah? how shall I set thee as Zeboim? mine heart is turned within me, my repentings are kindled together.
11:9 Handingaiti nokutsamwa kwangu kukuru, handingadzoki ndichiti ndiparadze Efuremu; nekuti ndiri Mwari, handizi munhu, ndini Mutsvene pakati penyu, handingauyi ndakatsamwa.	11:9 I will not execute the fierceness of mine anger, I will not return to destroy Ephraim: for I am God, and not man; the Holy One in the midst of thee: and I will not enter into the city.
11:10 Vachatevera Jehovha, achiomba seshumba; nekuti uchaomba, vana vachauya vachidedera vachibva mavirazuva.	11:10 They shall walk after the Lord: he shall roar like a lion: when he shall roar, then the children shall tremble from the west.
11:11 Vachauya seshiri vachibva Egipita, senjiva vachibva panyika yeAsiria; ini ndichavagarisa mudzimba dzavo, ndizvo zvinotaura Jehovha.	11:11 They shall tremble as a bird out of Egypt, and as a dove out of the land of Assyria: and I will place them in their houses, saith the Lord.
11:12 Efuremu vakandikombera nenhema, uye imba yalsiraeri nokunyengera; Judha vanongoramba vachipenga pamberi paMwari, pamberi paiye Mutsvene akatendeka.	11:12 Ephraim compasseth me about with lies, and the house of Israel with deceit: but Judah yet ruleth with God, and is faithful with the saints.
Hosiya 12	Hosea 12
12:1 Efuremu vanozvigutisa nemhepo, vanoteverera mhepo yokumabvazuva; vanoramba vachiwedzera nhema nokuparadza; vanoita sungano neAsiria, uye mafuta anoiswa Egipita.	12:1 Ephraim feedeth on wind, and followeth after the east wind: he daily increaseth lies and desolation; and they do make a covenant with the Assyrians, and oil is carried into Egypt.
12:2 Jehovha ane gakava naJudhawo, acharova Jakove pamusoro penzira dzake, achamuripira pamusoro pezvaakaita.	12:2 The Lord hath also a controversy with Judah, and will punish Jacob according to his ways; according to his doings will he recompense him.
12:3 Muchizvaro akabata chichitsinho chomukuru wake, ava nesimba romurume akaita mitsimba naMwari;	12:3 He took his brother by the heel in the womb, and by his strength he had power with God:
12:4 zvirokwazvo, akava nesimba pamusoro pemutumwa akakunda; akachema, akamunyengetera; akamuwana paBhetieri, akataurapo nesu,	12:4 Yea, he had power over the angel, and prevailed: he wept, and made supplication unto him: he found him in Bethel, and there he spake with us;
12:5 iye Jehovha, Mwari wehondo; Jehovha ndiro zita rokumurangarira naro.	12:5 Even the Lord God of hosts; the Lord is his memorial.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
12:6 Naizvozvo chidzokera kuna Mwari wako; chengeta rudo nokururamisa, urambe uchimirira Mwari wako.	12:6 Therefore turn thou to thy God: keep mercy and judgment and wait on thy God continually.
12:7 Iye muKanani, zviyero zvinonyengera zviri muruoko rwake, anofanira kumanikidza.	12:7 He is a merchant, the balances of deceit are in his hand: he loveth to oppress.
12:8 Asi Efuremu anoti, Zvirokwazvo, ndafuma, ndazviwanira fuma; pamabasa angu ose havangawani kwandiri zvakaipa zvezvivi.	12:8 And Ephraim said, Yet I am become rich, I have found me out substance: in all my labours they shall find none iniquity in me that were sin.
12:9 Asi ndini Jehovha Mwari wako, kubva panyika yeEgipita; ndichakugarisaizve mumatende, sapamazuva emitambo yakatarwa.	12:9 And I that am the Lord thy God from the land of Egypt will yet make thee to dwell in tabernacles, as in the days of the solemn feast.
12:10 Ndakataurawo navaporofita, ndikawanza zvandakavaratidza; ndakavataurira zvifananidzo nemromo yavaporofita.	12:10 I have also spoken by the prophets, and I have multiplied visions, and used similitudes, by the ministry of the prophets.
12:11 Ko paGiriyadhi pane zvakaipa here? Havana maturo chose; vanobaya nzombe paGirigari; zvirokwazvo maaritari avo akaita matutu amabwe pamihoronga yeminda.	12:11 Is there iniquity in Gilead? surely they are vanity: they sacrifice bullocks in Gilgal; yea, their altars are as heaps in the furrows of the fields.
12:12 Jakove akatizira kunyika yeArami, Isiraeri akabatira mukadzi, akafulda makwai kuti awane mukadzi.	12:12 And Jacob fled into the country of Syria, and Israel served for a wife, and for a wife he kept sheep.
12:13 Jehovha akabudisa Isiraeri paEgipita nomuporofita, akazochenegetwa nomuporofita.	12:13 And by a prophet the Lord brought Israel out of Egypt, and by a prophet was he preserved.
12:14 Efuremu vakatsamwisa Jehovha zvikuru; naizvozvo mhaka yeropa rake ichasiwa kwaari, Ishe wake achadzosera kuzvidzwa kwake kwaari.	12:14 Ephraim provoked him to anger most bitterly: therefore shall he leave his blood upon him, and his reproach shall his Lord return unto him.
Hosiya 13	Hosea 13
13:1 Efuremu vakati vachitura, kudedera kukavapo; vakazvikudza pakati palsiraeri; asi akati apara mhaka naBhaari, akafa.	13:1 When Ephraim spake trembling, he exalted himself in Israel; but when he offended in Baal, he died.
13:2 Asi zvino vanongoramba vachiwedzera zvivi zvavo, vakazviitira zvifananidzo zvakaumbwa nesirivha yavo, zviri zvifananidzo zvenjere dzavo, zvose zviri basa remhizha; zvino vanoti pamusoro pazvo, Vanobayira mhuru ngavadzisvete.	13:2 And now they sin more and more, and have made them molten images of their silver, and idols according to their own understanding, all of it the work of the craftsmen: they say of them, Let the men that sacrifice kiss the calves.
13:3 Saka vachaita semhute yamangwanani, sedova rinokurumidza kunyangarika, sehundi inopepereswa nechamupupuri paburiro, soutsi bwechoto hunobuda napaburi.	13:3 Therefore they shall be as the morning cloud and as the early dew that passeth away, as the chaff that is driven with the whirlwind out of the floor, and as the smoke out of the chimney.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
13:4 Kunyange zvakadaro ndini Jehovha Mwari wako kubva panyika hamuzivi mumwe mwari asi ini, hakuna mumwe muponesi kunze kwangu.	13:4 Yet I am the Lord thy God from the land of Egypt, and thou shalt know no god but me: for there is no saviour beside me.
13:5 Ndakakuzivai murenje, munyika yakaoma kwazvo.	13:5 I did know thee in the wilderness, in the land of great drought.
13:6 Zvavakapiwa mafuro akanaka, vakaguta; vakaguta, mwoyo yavo ikazvikudza, naizvozvo vakandikangamwa.	13:6 According to their pasture, so were they filled; they were filled, and their heart was exalted; therefore have they forgotten me.
13:7 Saka ndava kwavari seshumba, ndichavagarira panzira sengwe;	13:7 Therefore I will be unto them as a lion: as a leopard by the way will I observe them:
13:8 ndicharwa navo sebere rakatorerwa vana varo, ndichatsemura chifukidziro chomwoyo wavo; ndichavadyirapo seshumbakadzi; zvikara zvichavabvamburanya.	13:8 I will meet them as a bear that is bereaved of her whelps, and will rend the caul of their heart, and there will I devour them like a lion: the wild beast shall tear them.
13:9 Ndizvo zvichakuparadzai, imwi Isiraeri, zvamunorwa neni, ini mubatsiri wenyu.	13:9 O Israel, thou hast destroyed thyself; but in me is thine help.
13:10 Ko zvino mambo wenyu aripi, akuponesei mumaguta enyu ose? Ko vatongi venyu varipi, vamaiti, Tipei mambo namachinda?	13:10 I will be thy king: where is any other that may save thee in all thy cities? and thy judges of whom thou saidst, Give me a king and princes?
13:11 Ndakakupai mambo pakutsamwa kwangu, ndikamubvisazve nehasha dzangu.	13:11 I gave thee a king in mine anger, and took him away in my wrath.
13:12 Zvakaipa zvaEfuremu zvakasungwa pamwechete, zvivi zvake zvakachengetwa.	13:12 The iniquity of Ephraim is bound up; his sin is hid.
13:13 Kurwadziwa komukadzi anosurumuka kuchasvika kwaari; iye mwanakomana asine njere; nekuti kana nguva ichisvika, haaswederi pakuzvarwa.	13:13 The sorrows of a travailing woman shall come upon him: he is an unwise son; for he should not stay long in the place of the breaking forth of children.
13:14 Ndichavadzikunura pasimba reSheori, ndichavadzikunura parufu. Aiwa, rufu, hosha dzako dziripiko? Aiwa, Sheori, kuparadza kwako kuripi? Kuzvidemba hakungaonekwi nameso angu.	13:14 I will ransom them from the power of the grave; I will redeem them from death: O death, I will be thy plagues; O grave, I will be thy destruction: repentance shall be hid from mine eyes.
13:15 Kunyange akabereka zvibereko pakati pehama dzake, mhepo yokumabvazuva ichasvika, iri mhepo yaJehovha inobva kurenje; chitibu chake chichapwa, tsime rake richaoma, iye uchapamba fuma yenhumbi dzose dzinodikamwa.	13:15 Though he be fruitful among his brethren, an east wind shall come, the wind of the Lord shall come up from the wilderness, and his spring shall become dry, and his fountain shall be dried up: he shall spoil the treasure of all pleasant vessels.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
13:16 Samaria richava nemhosva yaro, nekuti vakamukira Mwari wavo; vachaparadzwa nomunondo, vacheche vavo vachaputsanyiwa, vakadzi vavo vane mimba vachatumburwa.	13:16 Samaria shall become desolate; for she hath rebelled against her God: they shall fall by the sword: their infants shall be dashed in pieces, and their women with child shall be ripped up.
Hosiya 14	Hosea 14
14:1 Aiwa, imwi Isiraeri, dzokerai kuna Jehovha Mwari wenu, nekuti makagumburwa nezvakaipa zvenyu.	14:1 O israel, return unto the Lord thy God; for thou hast fallen by thine iniquity.
14:2 Endai namashoko, mudzokere kuna Jehovha, muti kwaari, Bvisai zvakaipa zvose, mugamuchire zvinhu zvakanaka, ipapo tichakupai miromo yedu, zvive zvibayiro zvedu.	14:2 Take with you words, and turn to the Lord: say unto him, Take away all iniquity, and receive us graciously: so will we render the calves of our lips.
14:3 Asiria havangatiponesi; hatingatasvi mabhiza, hatingazoti kubasa ramaoko edu. Ndimi vamwari vedu; nekuti nherera dzinowana nyasha kwamuri.	14:3 Asshur shall not save us; we will not ride upon horses: neither will we say any more to the work of our hands, Ye are our gods: for in thee the fatherless findeth mercy.
14:4 Ndichaporesa kudzokera kwavo shure, ndichavada nokuda kwangu; nekuti kutsamwa kwangu kwabviswa kwavari.	14:4 I will heal their backsliding, I will love them freely: for mine anger is turned away from him.
14:5 Ndichava sedova kuna Isiraeri, vachatunga seruva, vachatanda midzi yavo seRebhanoni.	14:5 I will be as the dew unto Israel: he shall grow as the lily, and cast forth his roots as Lebanon.
14:6 Matavi avo achatanda, kunaka kwavo kuchafanana nomuorivhi, nokunhuwira kwavo sokweRebhanoni.	14:6 His branches shall spread, and his beauty shall be as the olive tree, and his smell as Lebanon.
14:7 Vanogara mumumvuri wavo vachadzoka, vachavandudzika sezviyo, nokutunga maruva somuzambiringa; kurumbidzwa kwavo kuchafanana newaini yeRebhanoni.	14:7 They that dwell under his shadow shall return; they shall revive as the corn, and grow as the vine: the scent thereof shall be as the wine of Lebanon.
14:8 Efuremu, ndichineiko nezvifananidzo? Ndakapindura, ndinehanya naye; ndakafanana nomuonde mutema, zvibereko zvako zvichawanikwa kwandiri.	14:8 Ephraim shall say, What have I to do any more with idols? I have heard him, and observed him: I am like a green fir tree. From me is thy fruit found.
14:9 Ndianiko akachenjera, anzwisise zvinhu izvi, kana akangwara, azvizive? nekuti nzira dzaJehovha dzakarurama, vakarurama vachafamba nadzo; asi vadarki vachawa madziri.	14:9 Who is wise, and he shall understand these things? prudent, and he shall know them? for the ways of the Lord are right, and the just shall walk in them: but the transgressors shall fall therein.